CIVIC ACTION TEAMS

Coronavirus CivActs Campaign presents

# FAIR FACTS

अंक ११३

२१।०३।२०७८




## गण्डकी प्रदेश स्काउट कार्यालयद्वारा सञ्चालन कोभिड रोकथाम, न्युनीकरण तथा सचेतना अभियान।

*तस्विर: रोजन तामाङ*



वैदेशिक रोजगारीके प्रमुख गन्तव्य देशमे खोप लगेने आप्रवासी कामदार मात्रे अनुमति पाबैत ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**कि कहु आब त सरकार खोप आनत सेहो आशा मरिगेल ।**

२०७८ आषाढ २४ गते ३० लाख खोप आपूर्ति भ़ल खोप अभियान शुरु हेतै ।

**असावधानीके कारण किन्हको अपन प्रिय आदमी गुमाब नै परे ।**

अस्पतालमे, "कातवला शैयाके बिमारी त चैल गेलै, फलानाके अवस्था जटिल छै, फलाना त अस्पताल नै पहुचते मैर गेलै कहादन ।" एहने खबर मात्रे सुनैत छलौं ।

**स्वास्थ्य क्षेत्रमे भेल न्यून बजेट बिनियोजनसँ स्थानीय तहसभ कोभिड प्रतिकार्यमे केने प्रतिबद्धता उपर प्रश्न उठाबैत छै**

महानगरसभ ३.४% सँ ६% बजेट मात्रे स्वास्थ्य क्षेत्रमे बिनियोजन केने छै ।

# फ्याक्ट सिट

## स्वास्थ्य क्षेत्रमे भेल न्यून बजेट विनियोजन सँ स्थानीय तहसभ कोभिड प्रतिकार्यमे केने प्रतिवद्धता उपर प्रश्न उठाबैत छै




### पोखरा महानगरपालिका

जम्मा बजेट : रु. ६ अर्ब २७ करोड ७० लाख

स्वास्थ्य क्षेत्रके लेल छुट्याओल गेल रकम: रु. २१ करोड ५० लाख (३.४%)

### बीरगञ्ज महानगरपालिका

जम्मा बजेट : रु. ३ अर्ब ५५ करोड ३० लाख

स्वास्थ्य क्षेत्रके लेल छुट्याओल गेल रकम : रु. २१ करोड ३० लाख (६%)

### बिराटनगर महानगरपालिका

जम्मा बजेट : रु. ४ अर्ब १० करोड

स्वास्थ्य क्षेत्रके लेल छुट्याओल गेल रकम : रु. १८ करोड १ लाख (४.४%)

पोखरा महानगरपालिका, बीरगञ्ज महानगरपालिका आ बिराटनगर महानगरपालिकासभ हालसाले आर्थिक वर्ष २०७८/२०७९ के बजेट सार्वजनिक केने अछि । ई महानगरसभ ३.४% सँ ६% बजेट मात्रे स्वास्थ्य क्षेत्रमे बिनियोजित केने छै । आरो महानगरपालिकासभ बजेट पारित केलाके बादो वार्षिक बजेटके पूर्ण विवरण सार्वजनिक नै केने छै । स्थानीय तहसभ कोभिड प्रतिकार्यके लेल स्वास्थ्य संरचना सुधार करके लेल केने प्रतिवद्धताके कतेक गम्भीर रुपमे लेने अछि कहिक एहि महानगरसभ सँ केने बजेट बिनियोजनके उदाहरणके रुपमे लेब सकैछी । स्वास्थ्य सेवा आ स्वास्थ्य उपकरण किनके लेल विनियोजित बजेटके अलावा स्वास्थ्य सचेतना आ आर्थिक पुनरुत्थान जेहन महत्वपूर्ण क्षेत्रके लेल छुट्याओल गेल बजेट सेहो अति न्यून छै ।

# हल्ला आ तथ्य

?

कि
कहु आब त
सरकार खोप आनत से
आशा सेहो मरिगेल ।

सरकार अखनतक कूल ४२ लाख ४८ हजार मात्रा खोप प्राप्त कैने छै । जै मे सँ २५,७४,७१५ कोईके पहिल मात्रा आ ७,५३७,३८० कोईके दोसर मात्रा खोप लगा चुकल छै । चीनके बेईजिङ स्थित सिनोफार्म कम्पनीसँगे किनके सम्झौता अनुसार २०७८ आषाढ २४ गते ३० लाख खोप आपूर्ति भेल खोप अभियान शुरु हेतै कहिक सरकार सूचना जारी कैने छै ।

Source: https://cutt.ly/1ml20Gs

?

विदेशसँ खोप लगाक
आएल आदमी क्वारेन्टाईनमे
रह नै परतै कहादन ।

विदेशसँ आबवला यात्री जँ खोपके दुनु मात्रा लगेने छै आ परिक्षण प्रतिवेदन सेहो नकारात्मक छै त होटेल क्वारेन्टाईनमे नै रहि सिधे गन्तव्य दिस जाय सकैय । हुनकासभके अनिवार्य स्व-क्वारेन्टाईनमे लेकिन रह परत । ऊसभ स्व-क्वारेन्टाईनमे रहल नै रहल प्रतिवेदन सम्बन्धित स्थानीय तहके अनुगमन कऽक सिसिएमसिके बुझाब परत ।

Source: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2423

?

बाहिरी जिलासँ काठमाण्डौ
उपत्यका जायवलवा सार्वजनिक
यातायात सेहो चल पाओत कहादन ।
आब सर्वसाधारण बिना रोकटोक
काठमाण्डौ जाय पाओत ?

अत्यावश्यक काम विशेष सँ काठमाण्डौ उपत्यका प्रवेश करवला सार्वजनिक तथा सवारीसाधन मात्रे अनुमति पाओत । अईके लेल सम्बन्धित जिला प्रशासन कार्यालयके स्वीकृति अनिवार्य चाहि । अईके मतलब सब यातायातके साधनसभ काठमाण्डौ प्रवेश कर नै पाओत ।

Source: https://cutt.ly/gml3tjX

# कोभिड - १९ के समयमे पारिश्रमिकमे कटौती

## पारिश्रमिक नै पाओल आक्रोशमे आन्दोलित शिक्षकसभ




*स्पष्टिकरण: ई आंकडा अनलाईन मिडिया, राष्ट्रिय दैनिकसभ, जिला स्तरमे प्रकाशित होबवला पत्रपत्रिकासभ आ नेपाल प्रहरीके वेवसाईटसँ संकलन कल एकिकृत कएलगेल छै । तै, एहिसँ वास्तविक आँकडा सँ बेसी निर्धारित समयमे सम्बन्धित घटनाके प्रवृतिके उजागर करैत छै ।*

कोभिड - १९ के समयमे शिक्षकसभ पूर्ण या आंशिक रुपमे पारिश्रमिक नै पाओल आवाज २०२० के जुलाई महिनेमे उठल छलै । शिक्षक, प्राध्यापक आ आरो शैक्षिक संस्थासँ आवद्ध कर्मचारीसभ पारिश्रमिक नै भेटल कहिक अपन आवाज उठाब सडकपर आएल छलाह । किछ समाचारसभमे शैक्षिक संस्थासभ प्रत्यक्ष या सहयोगको बहानामे विधार्थीसँ शुल्क अशुली केने कहिक अभिभावकसभ विरोध केने बात सेहो आएल छलै । एहि सँ जनमानसमे नकारात्मक सन्देश गेल छै । अई अवधिमे सब शैक्षिक संस्थासभ बन्द छलै त, किछ अनलाईन माध्यम सँ कक्षा संचालन केने छलै । तहु सँ खर्च घटल छलै । विश्व महामारीके समयमे आरो शैक्षिक संस्थासभ सुचारु भेनाई जरुरी छै । तै के लेल शिक्षकके उचित पारिश्रमिकके व्यवस्था केनाई जरुरी छै । सरकारके सरकारी विद्यालयमात्रे नै भलक नीजि शैक्षिक संस्थाके सेहो विद्यार्थी आ कर्मचारी प्रति जवाफदेही बनेनाई जरुरी छै ।

Source: https://nepalmonitor.org/

# श्रमिक संगी

Shramik Sanjal

## वैदेशिक रोजगार विभाग आब सार्वजानिक छुट्टी बाहेक प्रत्येक दिन खुलतै

वैदेशिक रोजगार विभागके कार्यालय ताहचल आब सार्वजानिक बिदा बाहेक प्रत्येक दिन खुलतै । लेकिन, अखनके लेल बायोमेट्रिक नै भेलसभ मात्रे सेवा लेब पाओत । प्रणालीमे बायोमेट्रिक भेलसभके अनलाईन सँ पून: श्रम स्वीकृत लेब सकैय ।

### यूएई:




- स्वास्थ्य मन्त्रालयसँ आकस्मिक प्रयोगके लेल मोडर्ना खोपके अनुमति देने छै । ई सहित आब जम्मा ५ टा खोप स्वीकृत भेल छै ।
- यूएईमे ७२.१ % वासिन्दासभ कोभिड बिरुद्धके दुनु मात्रा खोप लगेने अछि, जे कि संसारेके बेसी खोप लगाबवला देशमे परैत छै ।
- दोसर जानकारी नै आबतकके लेल यूएई आ साउदी अरब बचिके उडान स्थगित भेल छै ।

### कुवेत:

- कर्मचारीमे कोभिड संक्रमण भेलाके बाद रविदिन सँ दोसर सूचना नै आबतक नेपाली दूतावास बन्द रहत । अत्यावश्यक सेवाके लेल हटलाइन नम्बर: ९८८६९१२१ मे सम्पर्क कर सकैछी ।
- कुवेतमे “My Identity” नामक नयाँ मोबाईल एप्लिकेसन सञ्चालनमे आएल छै । ई मोवाईल एप्लिकेसनसँ अपन सिभिल आईडी, कोभिड खोपके विवरण लगाएल आरो किछ सरकारी सुविधा सेहो लेब सकै छी ।
- हरेक मंगलदिन आ वृहस्पतिदिन कुवेतसँ नेपालके लेल जजिरा एयरके २ टा उडान हेतै । नेपाल सँ कुबेत जायके लेल लेकिन अगस्त १ तक प्रतिक्षा कर परत । तै के लेल कुबेत सँ स्वीकृत खोपके कम्तिमे एक मात्रा लगेने होब के चाही । लेकिन घरेलु कामदारके मुदा श्रम स्वीकृती ललक खोप नै लगेने अवस्थामे सेहो पिसिआर निगेटिभ भेल अवस्थामे जाय सकैय ।

### कतार:



कतार रेलद्वारा जुलाई ९ सँ अगष्त १३ के बीचमे परवला प्रत्येक शुक्रदिन आ जुलाई २१ सँ जुलाई २४ तक मेट्रो बन्द रहत से जानकारी कराएल गेल छै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

LIVE

## असावधानीके कारण किन्हको भी अपन प्रिय आदमी गुमाब नै परे

नेपालगञ्जके तारा रोकाया लम्बा समय सँ सामाजिक सेवामे सकृय व्यक्तित्व छथि । कोरोनाके पहिल लहरमे अप्रत्यासित रुपमे नेपालगञ्ज आक्रन्त भेलै । सब आदमीसभ घर भित्तर बन्दी जेहन भेल । किन्हको संक्रमणके त्रास छलै त, किन्हको भोर साझँ कि खाएब से चिन्ता । तारा रोकाया ओहु समयमे स्वास्थ्यके सामान जुटाब आ गरिब विपन्नके खाद्य सामान जुटाबमे व्यस्त छलिह । संक्रमणके डर त हुनको छलै, लेकिन अपने संक्रमण सँ केना बचव तै सँ बेसी हुनका समाजके केना बचाएब से चिन्ता बेसी छलै । पहिल लहरमे ऊ सुरक्षित रहलिह ।

फेर कोरोनाके दोसर लहर एलै । बाँके फेरो हटस्पट बनलै । एहिबेर अवस्था पहिले सँ भयावह छलै । जिम्हर देखु तिम्हरे स्वास्थ्य सामानके अभाव छलै । ओत जरुरी सामानसभके आपुर्ति कर रातदिन लागल छलिह ।

> घरमे हुनकर दूटा बेटा आ घरवला एहन अवस्थामे बाहर नै निकलके चाही कहिक समझाबैत छलैथ । लेकिन। स्वास्थ्य क्षेत्रमे भेल चरम अभावके ऊ देखक बैस नै सकलिह । दोसरके लेल दौडधुप केला सँ हुनकामे आ हुनकर घरवलामे कोभिड-१९ के संक्रमण देखेलै ।





हुनकर ६० वर्षिय घरवलाके अवस्था कनि बिगडैत गेलापर अस्पताल भर्ना कर परलै । हुनकर घरवलाके राखलगेल भेरी अस्पतालमे, अस्पतालमे, "कातवला शैयाके बिमारी त चैल गेलै, फलानाके अवस्था जटिल छै, फलाना त अस्पताल नै पहुचते मैर गेलै कहादन ।" एहने खबर मात्रे सुनाईत छलै । ई सुनलापर ताराके मन सेहो अधैर्य भजाईत छलै । स्वास्थ्यकर्मीसभ सेहो प्रयास नै केलक से नै छलै लेकिन, अन्ततः कोरोना महामारीमे दोसरके लेल दिनराती खटवाली तारा कोरोनाके कारण अपन घरवलाके गुमौलिह ।

समाज पीडामे भेलापर सह नै सकवाली तारा घरवलाके गुमौने दुःख केना सहतिह ? तेकर जवाव हुनकालग मात्रे हेतै । धिरे धिरे अपन व्यक्तिगत पिडाके बिसरैत समाज सेवामे आबीरहल तारा अवश्य सेहो वास्तविक समाज सेवा करवलासबके आदर्श आ प्रेरणा छथि । अखन ऊ सबके असावधानीके कारण किन्हको भी अपन प्रिय आदमी गुमाब नै परे से सन्देश बाटिरहल छथि ।

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात

पहिल लहरके कोभिड महामारीके अवस्था सामान्य होईत गेलाके बाद, फेर एना दोसर लहर फिर्ता आओत कहिक हम कल्पना सेहो नै केने छलौ । जखन कोभिडके दोसर लहर एलै, हम अस्पतालमे काम करवला सब कोभिड संक्रमित होएब आ कोई नै बाँचब कहिक सोचने छलौ, लेकिन हमसभ मनोबल उच्च राखैत अपन जानके जोखिममे राखिक रोगिसभके सेवामे खटलौ । ईलाज कैरतै कैरतै सेहो कतेको रोगीसभके हमरासभके गुमाब पड्ल, सहकर्मीके परिवारके सदस्य आ नातागोताके लोकसभ गुमाब पड्ल । अखन नेपालगञ्जमे फेर स्थिति कनि सामान्य भेल छै, लेकिन सर्वसाधारण नागरिकसभ सावधानी अपनाब छोडने जेहन देखाईछ छै । अपने गल्तीसँ तेसर लहर आमन्त्रीत केलौ त अवस्था दोसर लहर सँ भयावह होब सकैय ।

## उर्मिला जोशी, स्टाफ नर्स

आइसोलेशन वार्ड,
भेरी अस्पताल, बाँके





## सबनम खातुन

स्टाफ नर्स,
जलेश्वर अस्पताल, महोतरी

हम कोभिड - १९ के रोगीके सेवामे खटल दु महिना मात्रे भेल । हम एलापर अस्पतालमे ९ कोई कोभिड संक्रमित छलै । हम पहिल बेर पिपिई केना पहिरब, संक्रमितके देखभाल केना करब से छोट छोट बात एहिठम आबिक सिखलौ । पहिल बेर कोभिड - १९ के संक्रमितके देखभाल आ नर्सिङ सेवा प्रदान केलापर डर संगे एक प्रकारके गर्व सेहो महसुस भेल अछि । संक्रमितसभ हमरासभ प्रति सकारात्मक रहितो, संक्रमितके नातागोतासभ कहियोकाल ई करु, ऊ करु कहिक दबाव देलापर काम करमे दिक्कत होईत अछि ।

# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड् दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्रे स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्रे नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।



Brought to you by:

accountabilitylab communities

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।


**REACH OUT TO US ON**

@CivicActionTeams

@civacts

@CivActs

Civic Action Teams

/accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org

Phone: 9851203219